

## LÈT REKRITMAN ak KONSANTMAN REFLECHI PARAN

Lekòl leta #

Adrès

Direktè Asistan Direktè

[Dat]

Chè Paran/Responsab [Insert Name]:

Mwen kontan pou anonse nou se 1 nan 16 lekòl Vil Nouyòk k ap kòmanse yon nouvo pwogram prebansyon kavite dantè avèk NYU College of Dentistry. Pwogram lan ap bay swen dan chak ane pou anpeche kavite ak dan fè mal nan lekòl, de fwa nan ane a. Dantis ki lisansye, ijyenis dantè ak/oswa enfimyè ap bay swen pou elèv k ap patisipe.

Pwogram sa a fè pati yon etid rechèch NYU College of Dentistry avèk lajan ki soti nan Patient Centered Outcomes Research Institute, pou konnen rapò ki genyen ant sante dantè ak pwogrè elèv.

Kòm yon pati nan pwogram lan, n ap bay NYU College of Dentistry dosye sante dan, dosye prezans lekòl ak nòt egzamen ofisyèl eta Nouyòk pitit ou a epi y ap itilize yo pou evalye efikasite pwogram lan pou tout tan pitit ou a ap resevwa swen prevansyon dantè nan pwogram sa a. Nou konte fè pwogram lan pou jiska 5 lane. Nou pa p idantifye pitit ou a ak non l nan okenn analiz rechèch la ke yo ka pibliye.

Patisipasyon an gratis epi se si w vle ou patisipe. Yo pa egzije asirans sante. Sepandan, si pitit ou a gen Medicaid oswa yon lòt asirans dan, y ap voye fakti bay konpayi asirans lan. Y ap itilize nimewo ID fakti Medicaid pitit ou a pou konekte ak done sante oral yo kolekte nan pwogram prevansyon kavite NYC ki nan lekòl la ak done reklamasyon Medicaid yo.

**Si w dakò pou patisipe, pitit ou a ap resevwa swen prevansyon pou kavite yo dekrè pi ba a ki ka menm ak sa yo ta ka ba w nan yon klinik dan epi li konfòm ak rekòmandasyon pou prevansyon kavite ki soti nan sant ameriken pou kontwòl ak prevansyon maladi(U.S. Centers for Disease Control and Prevention).**

Pwogram lan ofri:

1. Eksplikasyon pou bwose bouch
2. Yon egzamen bouch pou tcheke dan, gòm ak bouch
3. Prevansyon kavite senp ak fliyò dyamin nan dan dèyè ak kouch fliyò nan tout dan yo
4. Yon bwòsdan ak pat
5. Yon rapò ba enfimyè lekòl la, ak ba oumenm sou swen pitit ou a resevwa
6. Rekòmandasyon ba yon dantis pou lòt swen(si nesèsè) ak ede w nan jwenn yon dantis bò lakay ou (si nesèsè)
7. Pwogram lan pral swiv pitit ou a pandan tan ap pase(jiska senk lane) pou verifye si sante dan l amelyore
8. Si w bezwen yon dantis ou ka jwenn yonn toupre la a:

<https://www1.nyc.gov/site/doh/health/health-topics/oral-health-find-a-low-cost-dental-provider.page>

Pa gen risk sant ki koni pou prevansyon kavite. Tanpri sonje si pitit ou a patisipe nan pwogram lan, aplikasyon silver diamine fluoride ka dekolore nenpòt kavite ki gen koulè mawon oswa nwa. Chanjman koulè a vle di kavite a sispann devlope. Si gen kontak po ki rive pa aksidan sa ka lakoz yon ti kolorasyon koulè mawon nan lè, jou oswa kolorasyon pèmanan nan rad. Pou retire tach sou po a, mete savon ak dlo imedyatman. Pa itilize metòd egzajere pou eseye retire tach ki difisil sou po piske tach la ap soti. itilize menm pwosedi a pou netwaye rad yo.

**Si w dakò, pou pitit ou a patisipe nan pwogram lan, tanpri ranpli fòm nou voye ba w la, siyen l epi voye l tounen.** Ou patisipe oswa soti nenpòt lè. Si moun ki responsab pitit ou a chanje pandan tan sa a, w ap bezwen siyen yon nouvo fòm konsantman.

Si w gen kesyon sou pwogram sa a, ou ka kontakte: Dr. Richard Niederman, Department of Epidemiology & Health Promotion, New York University College of Dentistry, 433 First Ave, Rm 720, New York, NY. Imèl: [rniederman@nyu.edu](mailto:rniederman@nyu.edu). Telefòn: 212-998-9719. Ou ka kontakte tou New York University Institutional Review Board (IRB), 665 Broadway, Suite 804, New York, NY 10012. Imèl: [ask.humansubjects@nyu.edu](mailto:ask.humansubjects@nyu.edu). Telefòn: 212-998-4808.

Bon sikès

\_\_\_\_\_  
[Insert Name], Direktè

ENFÒMASYON SOU ELÈV LA

Siyati elèv la:

Non elèv la:  Dat nesans:  /  /  /   
*Mwa* *Jou* *Ane*

Adrès elèv la:

Vil:  Eta:  Kòd posta:

Lekòl:

Non pwofesè a:  Klas:

KESYON ENPÒTAN SOU SANTE

Èske pitit ou a gen yon pwoblèm medikal ki ka afekte oswa konplike tretman dan li? Paegzanp pwoblèm kè, pwoblèm respirasyon, seyman, epilepsi, alèji(tankou alèji ak ajan ak nwa, maladi kontajye, pwoblèm iminitè, etc. si wi eksplike. SI PA GENYEN OKENN PWOBLEM, KITE L VID

ENFÒMASYON SOU PARAN/RESPONSAB

Siyati manman:  Non jèn fi manman l:

Siyati elèv la:  Non papa:

Siyati responsab legal la, si genyen:

Non responsab legal la:  Non responsab la ak elèv la  
 Gran pè/mè  Tonton oswa matant  Lòt lyen:

Enfòmasyon pou kontakte paran oswa responsab

Telefòn kay:  -  -  Telefòn travay:  -  -

Selilè:  -  -

Imèl:

Lòt moun pou kontakte nan ka ijans:

Non:  -  -  -  -  -


Kay:  -  -  -  -  -

Tel:  -  -  Lyen avèk elèv:

Selilè:

Email:

Plas sa a rezève pou



**INSURANCE INFORMATION**

Does your child have Medicaid?  No  Yes: Medicaid ID #: \_\_\_\_\_

Does your child have Child Health Plus?  No  Yes: CHP #: \_\_\_\_\_

Which Plan?  Fidelis  Health Plus Amerigroup  MetroPlus  United Healthcare  Empire BlueCross BlueShield  
 Affinity  Healthfirst  HIP  WellCare  MVP  Other: \_\_\_\_\_

Does your child have coverage through an employer based plan or other type of health insurance?  No  Yes, Health Plan: \_\_\_\_\_

Member ID or Social Security Number: \_\_\_\_\_

Name of Insured Adult: \_\_\_\_\_

Health Insurance Phone Number: \_\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_

Birth Date of Insured Adult: \_\_\_\_\_ / \_\_\_\_\_ / \_\_\_\_\_

Month Day Year

Menmsi pitit ou a gen asirans menmsi li pa genyen, y ap ba li sèvis yo san ou pa peye.

**KONSANTMAN PARAN POU SÈVIS KLINIK SANTE NAN LEKÒL**

Mwen li ak konprann lèt rekritman yo voye ban m lan epi mwen dakò pou pitit mwen resevwa sèvis sante bouch ak patisipe nan pwogram swen pou prevansyon ak rechèch NYU College of Dentistry ap fè a. Siyati m bay konsantman pou pitit mwen an resevwa sèvis OHCP bay pou 5 lane nan pwogram sa a. Anplis, mwen dakò pou yo divilge dosye sante dantè pitit mwen an, dosye absans li ak nòt egzamen ofisyèl eta Nouyòk pou yo itilize nan pwogram rechèch sa a. Mwen ka anile konsantman m lan nenpòt lè si m voye yon avi alekri bay OHCP. Mwen konprann m ap mete founisè a okouran nenpòt gwo chanjman nan sante pitit mwen an.

\_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_ / \_\_\_\_\_ / \_\_\_\_\_  
 Mwa Jou Ane

Siyati Paran/gadyen (oswa elèv la si li gen 18 lane pou pi piti)

**KONSANTMAN PARAN SOU RESPÈ HIPAA POU DIVILGE ENFÒMASYON SOU SANTE**

Mwen li ak konprann publikasyon enfòmasyon sou sante ki nan paj 2 fòm sa a. Siyati m vle di mwen dakò pou yo divilge enfòmasyon sou sante jan yo presize l la

\_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_ / \_\_\_\_\_ / \_\_\_\_\_  
 Mwa Jou Ane

Siyati paran/Responsab (oswa elèv la si li gen laj 18 lane pou pi piti)

**KONSANTMAN POU SÈVIS SWEN DANTÈ NAN LEKÒL**

Mwen dakò pou pitit mwen an resevwa sèvis swen bouch pwofesyonèl ki gen lisans Eta Nouyòk ki soti nan OHCP ofri kòm yon pati pwogram sante bouch nan lekòl ke Depatman sante Eta Nouyòk (New York State Department of Health) apwouve, toutotan pitit mwen an lekòl. Mwen ka anile konsantman m lan nenpòt lè si m voye yon avi alekri bay OHCP. Mwen konnen ke y ap garanti konfidansyalite ant pitit mwen an ak founisè swen dantè nan domèn sèvis byen presi dapre lalwa, epi y ap ankouraje elèv pou entegre paran oswa responsab yo nan desizyon sou *counseling* ak sou swen dantè yo. Sèvis dantè nan lekòl la ka genyen, pami lòt, sèvis prevansyon pou sante dantè, sèvis pou kondisyon ki te la deja, ak pwosedi ijans. Sèvis sante bouch pou prevansyonse egzamen dantè konplè, plonbij tanporè, tretman ijyèn dantè, mastik ak tretman ak fliyò. Sa ka gen ladan tou fliyò ajan dyamine (silver diamine fluoride, SDF) nan dan dèyè yo. (Itilizasyon Silver Diamine Fluoride ka chanje koulè nenpòt kavite an koulè mawon oswa nwa. Kontak po ki rive pa aksidan ka lakoz yon ti kolorasyon koulè mawon tanporè nan lè, jou oswa kolorasyon pèmanan nan rad. Pou retire tach sou po a, mete savon ak dlo imedyatman. Pa itilize metòd egzajere pou eseye retire tach ki difisil sou po piske tach la ap soti. itilize menm pwosedi a pou netwaye rad yo.

**KONSANTMAN PARAN SOU RESPÈ RÈGLEMAN HIPAA POU DIVILGE ENFÒMASYON SOU SWEN DANTÈ**

Siyati m ki nan fòm sa a otorize pou yo divilge enfòmasyon sou sante. Lwa federal ak lwa eta a sou vi prive ka pwoteje enfòmasyon sa a pou yo pa pibliye l. Lè m siyen dokiman sa a, mwen otorize pou yo divilge enfòmasyon sante bay Komite edikasyon Vil Nouyòk (Board of Education of the City of New York (alyas Depatman edikasyon Vil Nouyòk), ki ka gen enfimyè paske lalwa, règleman Chanselye a egzije sa, paske li nesèsè pou yo pwoteje sante ak sekirite elèv la, oswa pou yo ka finalize yon reklamasyon avèk konpayi asirans pitit mwen an. Enstitisyon oswa moun ki divilge enfòmasyon sou swen dantè sa a dwe ban m yon kopi fòm sa a. Lalwa egzije paran pou bay lekòl la kèk enfòmasyon, tankou prèv vaksen. Si yo pa bay enfòmasyon sa a, sa ka lakoz yo voye elèv la lakay li. Yo te reponn kesyon mwen genyen sou fòm sa a. Mwen konnen ke mwen pa oblije pèmèt yo divilge enfòmasyon sante pitit mwen an, epi mwen ka chanje lide m nenpòt lè epi anile otorizasyon mwen bay la lè m ekri OHCP. Sepandan, apre yo fin divilge yon enfòmasyon, yo pa ka retounen sou desizyon an pou rantre enfòmasyon ki te divilge avan yo te mande anile otorizasyon an. Mwen otorize OHCP pou divilge enfòmasyon presi sou sante elèv nou site nan do paj la ba Board of education of the City of New York (alyas Depatman edikasyon Vil Nouyòk). **Mwen dakò pou OHCP bay Depatman Edikasyon Vil Nouyòk enfòmasyon sante ak pou Depatman edikasyon fè menm jan ak OHCP nou dekri pi ba a ak pou Depatman Edikasyon Vil Nouyòk bay Founisè a enfòmasyon sante nou dekri pi ba, pou yo ka satisfè egzijans lalwa ak asire ke lekòl la gen enfòmasyon li bezwen pou pwoteje sante ak sekirite pitit mwen an. Mwen konnen ke enfòmasyon sa a ap rete konfidansyèl dapre lwa federal ak lwa eta a ak dapre règleman Chanselye a sou konfidansyalite:**

- Pwoblèm ki ka egzije entèvansyon ijans
- Dyagnostik kèk maladi kontajye (enfeksyon HIV/STI ak lòt sèvis konfidansyèl lalwa pwoteje)
- Pwoblèm ki limite yon elèv nan aktivite chak jou l (Fòm 103S)
- Kouvèti asirans sante

Siyati m ki nan paj 2 fòm sa a bay OHCP konsantman m tou pou yo kontakte lòt founisè ki te egzamine pitit mwen an pou yo ka jwenn Enfòmasyon sou asirans Otorizasyon pou divilge enfòmasyon an kòmanse apati dat fòm sa a siyen jiskaske elèv la pa enskri nan Pwogram klinik sante dantè nan lekòl la, oswa jiskaske yo anile konsantman an, nenpòt sa ki rive avan an.

OHCP ap bay règleman sou dwa ak vi prive pasyan, jan lalwa mande sa.



9 9 9 9 9 9 9

